**दिन–शनि** **दिनांक–07.10.2023**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

एशियाई खेल मे भारत के सय पदक पूरा भऽ गेल अछि। एहि खेल सभक चौहत्तरि वर्षक इतिहास मे भारत पहिल बेर ई उपलब्धि प्राप्त कयलक अछि। भारत अट्ठाईस स्वर्ण, छत्तीस रजत आ एकतालीस कांस्य सहित कुल एक सय पांच पदक जीतकऽ चारिम स्थान पर अछि आ ई एखन धरि सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन अछि। पुरूष क्रिकेट मे भारतीय टीम स्वर्ण पदक अपन नाम कयलक। वर्षा सँ बाधित मैच के निर्णय वरीयताक आधार पर कयल गेल आ भारत के स्वर्ण पदक भेटल। पुरूषक कबड्डीक फाइनल मे भारत ईरान के हराकऽ स्वर्ण पदक जीतलक। ओतहि, महिला कबड्डी मे सेहो भारत चीनी ताईपे के हराकऽ स्वर्ण पदक जीतलक। बैडमिंटनक पुरूष डबल्स मे चिराग शेट्टी आ सात्विकसाईराज रंकारेड्डीक जोड़ी स्वर्ण पदक जीतलक अछि। तीरंदाजी मे ज्योति सुरेखा वेन्नम एशियाई खेलक रिकॉर्ड बनबैत महिला कम्पाउंडक फाइनल मे दक्षिण कोरियाक सो सी के एक सय उनचास–एक सय पैंतालीस के अंतर सँ पराजित कऽ स्वर्ण पदक जीतलनि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एशियाई खेल मे उत्तम प्रदर्शनक लेल खेलाड़ी सभ के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। केन्द्रीय खेल मंत्री अनुराग सिंह ठाकुर एहि उपलब्धि पर प्रसन्नता जतबैत सभ एथलीट के बधाई देलनि अछि। एम्हर प्रदेशक मुख्यमंत्री नीतीश कुमार भारतीय खेलाड़ी सभक अति उत्तम प्रदर्शन पर भारतीय टीम के अपन शुभकामना आ बधाई देलनि अछि।

---

राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोग मुजफ्फरपुरक चर्चित किडनी कांड मामिला स्वास्थ्य विभागक प्रधान सचिव आ जिलाधिकारी आओर एसएसपी के उपस्थित होयबाक आदेश देलक अछि। संगहि, आयोग मुख्य सचिव आ पुलिस महानिदेशक के आदेशक अनुपालन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलक। ध्यातव्य अछि जे लगभग एक वर्ष पहिने जिलाक बरियारपुर मे एक फर्जी डॉक्टर एक महिलाक दुनू किडनी निकालि लेने छल। एहि मामिला मे मानवाधिकार आयोग स्वास्थ्य विभागक प्रधान सचिव के पीड़िताक किडनी प्रत्यारोपण करेबा आ एहि संबंध मे रिपोर्ट जमा करबाक निर्देश देने छल। स्वास्थ्य विभाग द्वारा एहि संबंध मे कार्रवाई नहि कयल जयबा पर आयोग अधिकारी सभ के तलब कयलक अछि।

---

बैंक सभ मे दू हजार टाका मूल्यक नोट बदलबाक विस्तारित समय सीमाक आइ अंतिम दिन छल। भारतीय रिजर्व बैंकक अनुसार एखन धरि संतानवे प्रतिशत नोट बदलल वा जमा कयल गेल अछि। एकर मूल्य तीन दशमलव चारि तीन लाख करोड़ टाका अछि। शेष करीब साढे तीन प्रतिशत यानि बारह हजार करोड़ टाका मूल्यक नोट एखनहुं प्रचलन मे अछि। ध्यातव्य अछि जे दू हजार टाकाक नोट वैध मुद्रा होयबा के बादो काल्हि सँ बैंक वा आन प्रतिष्ठान सभ मे स्वीकार नहि कयल जायत। जं किओ दू हजार टाकाक नोट बदलए चाहैत अछि तऽ ओ एक मुश्त बीस हजार टाका धरिक राशि देशभरिक रिजर्व बैंकक कार्यालय सँ बदलबा सकैत अछि।

---

उपमुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव जाति आधारित सर्वेक्षणक आंकड़ा सँ छेड़छाड़क आरोप के आधारहीन जनौलनि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री यादव कहलनि जे आंकड़ाक संग कोनो छेड़छाड़ नहि भेल अछि। ओ जनौलनि जे आंकड़ाक संग्रह आ प्रस्तुतीकरण वैज्ञानिक ढंग सँ भेल अछि। श्री यादव एहि संबंध मे विपक्षी दलक आरोप के पूरा तरहें गलत जनौलनि।

---

प्रदेश मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना के अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान पैंतीस डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग सीतामढीक पुपरी प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। ओतहि, एहि अवधि मे पश्चिम चंपारणक वाल्मीकिनगर मे सभ सँ बेसी अड़तालीस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तरी भाग मे किछु स्थान पर हल्का वर्षा भऽ सकैत अछि।

---

प्रदेश मे पछिला दिन भेल भारी वर्षाक कारणे गंगा, पुनपुन, घाघरा, गंडक, बूढी गंडक, बागमती आ कोसी नदीक जलस्तर मे कतेको ठाम वृद्धि देखल जा रहल अछि। बागमती नदीक जलस्तर रून्नी सैदपुर आ बेनीबाद मे खतराक निशान सँ ऊपर रिकॉर्ड कयल गेल ओतहि, कमलाबलानक जलस्तर मधुबनीक झंझारपुर आ कोसीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा मे चेतावनीक स्तर सँ ऊपर दर्ज कयल गेल। एम्हर, शिवहर सँ हमर संवाददाता जनौलनि जे बागमती नदीक जलस्तर मे अन्हचौके वृद्धि सँ बेलवाघाट लऽग शिवहर–मोतिहारी पथ पर पानि पसरि जयबा सँ आवागमन बाधित भऽ गेल अछि।

---

प्रदेश मे डेंगूक प्रकोप जारी अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान डेंगूक दू सय अंठावन नव मरीजक पुष्टि भेल अछि। स्वास्थ्य विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पटना मे

सभ सँ बेसी एक सय अड़सठि नव मामिला सोझा आयल। डेंगूक मरीजक संख्या आठ हजार आंकड़ा के पार कऽ गेल अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।